# KÓRKEM SHÍǴARMANÍ TALQÍLAW HÁM ÁDEBIYATTÍ OQÍTÍWDA XALÍQARALÍQ TÁJIRIYBELER HÁM JAŃASHA METODIKALÍQ USÍLLAR

**Begmuratova Gúlbáhár Asamatdiynovna**
*PhD, Nókismámleketlik pedagogikalıq institutı*
*begmuratovagulbahar82@gmail.com*

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.17272364**

***Annotaciya:*** *Maqalada ádebiyattı oqıtıw hám kórkem shıǵarmanı tallawda xalıqaralıq tájiriybeler analizlengen. Avtor Angliya, Rossiya hám AQShtaǵı ádebiyattı oqıtıw usılların salıstırıp, olardıń nátiyjeli táreplerin kórsetken. Usı tájiriybelerdi qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw procesine engiziw imkaniyatları jarıtıp berilgen.*
***Gilt sózler:*** *xalıqaralıq tájiriybe, ádebiyattı oqıtıw, metodika, talqılaw, kórkem shıǵarma*

***Abstract:*** *The article analyzes international experiences in teaching literature and interpreting literary works. The author compares the methods of literary education used in England, Russia, and the United States, highlighting their effective aspects. The paper also explores the possibilities of applying these experiences to the process of teaching Karakalpak literature.*
***Key words:*** *international experience, literary education, methodology, analysis, novels.*

***Аннотация:*** *В статье анализируется зарубежный опыт преподавания литературы и изучения художественных произведений. Автор сравнивает методы литературного образования в Англии, России и США и показывает их эффективность. Рассматриваются возможности внедрения этого опыта в процесс преподавания каракалпакской литературы.*
***Ключевые слова:*** *международный опыт, литературное образование, методика, анализ, художественное произведение.*

Búgingi kúnde jáhán bilimlendiriw sistemasında ádebiyattı oqıtıw metodikası (sonıń ishinde, ádebiy sın) jedel rawajlanıp, kórkem shıǵarmanı talqılawdıń hám onı oqıtıwdıń jańa usılların izlemekte. Atap aytqanda, shet eldiń ádebiyattı oqıtıw qollanbalarında kórkem tekst penen islesiw metodologiyasında túrli strategiyalıq usıllar qollanıladı.

Máselen, Angliyada ádebiy tekstti úyreniwde ***muqıyatlap oqıw*** *(careful reading)* hám sınlıq bahalawǵa ústinlik beriledi. Tekstlerdi dıqqatlap, tereńnen oqıw *(closing reading)* arqalı oqıwshılar avtordıń shıǵarmanıń estetikalıq tásirsheńligin arttırıw ushın qollanǵan kórkem usılları: sózdi oynatıw, rámziy-simvolikalıq, kórkem-súwretlew qurallarınan paydalanıw sheberligin tereńirek túsinip aladı [1].

Rossiyada ádebiyattı oqıtıw baǵdarlaması rus hám dúnya ádebiyatınıń úlgilerin ***áste oqıw-dıqqatlap oqıw*** *(medlennogo chteniya)* tájiriybesin iyelewdi

maqset etedi. [6]. Bunda «áste oqıw» túsinigi tereń úyreniw, dıqqat penen muqıyat oqıw túsinikleri menen mazmunlas bolıp keledi.

Amerika Qurama Shtatlarında ádebiyattı oqıtıw bağdarlamaları publicistikalıq stildi basshılıqqa aladı [5]. Sonıń menen birge Amerikada ádebiyattı oqıtıw modeli oqıwshılardıń multimedia sawatxanlığın qáliplestiriwge de bağdarlanğan. Mısalı: AQShtıń oqıw bağdarlamasında májbúriy pán sıpatında úyreniletuğın «English and arts» sabağında kóbirek oqıwshılardıń kompyuter-texnologiyalardan nátiyjeli, dóretiwshilik maqsette paydalanatuğınlığı rus ilimpazı tárepinen ayrıqsha bahalanadı [3].

Solay etip, shet el sabaqlıqlarındağı ádebiyattı oqıtıw hám kórkem shığarmanı talqılawdıń hár túrli usılların analizlew arqalı ayırım áhmiyetli metodikalıq bağdarlardı atap kórsetiwge boladı:

- kórkem shığarmalardı úyreniwde jazıwshı tágdirine, dóretiwshiligine baylanıslı eske túsiriwler, xatlar hám ayırım hújjetlerdi paydalanıw;
- ádebiy materialdı vizuallastırıwdan paydalanıw: avtordıń ideyasın ashıp beriwde xudojniktiń kartinalarınan hám grafikalıq illyustraciyalardan paydalanıw;
- kórkem shığarmalardı talqılawda onıń basqa janrlıq interpretaciyalarınan da paydalanıw.

*Mine, usı sıyaqlı xalıqaralıq tájiriybelerdi kórkem shığarmalardı tallawda hám qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda qollanıw arqalı qanday metodikalıq nátiyjelerge erisiw múmkin? Shet el tájiriybelerin qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda qollanıw múmkinshilikleri qanday?* Maqalada usı másele sóz etiledi.

Kórkem shığarmanı tereńnen úyreniwde Angliyanıń ádebiy oqıw sabaqlıqlarında kórkem tekst penen islesiwde turaqlı túrde qollanılatuğın (muqıyatlap oqıw (careful reading) tájiriybesin qollanıw oqıwshığa kórkem shığarmadan estetikalıq zawıq alıw menen birge, shığarmadağı faktlik materiallar arqalı hár qıylı bilim-kónlikpelerdi ózlestiriw múmkinshiligin de jaratadı. Bul hádiyse biziń aldımızğa ádebiyat pánin nátiyjeli oqıtıwda kórkem shığarmadağı birqatar ilimiy-faktlik mağlıwmatlar negizinde túrli bilim hám qubılıslardı bir pútin sabaqta jámlestire alıw wazıypasın qoyadı.

Qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha jańa áwlad sabaqlıqların jaratıwda da kórkem shığarmanı tallawdıń sonday túrli usılların qollanıwda dáslepki tájiriybeler ámelge asırıla baslağanın kóriwge boladı [4]. Bul qubılıstı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń jańa basqıshqa kóteriliwi dep unamlı bahalawğa boladı. Máselen, sabaqlıqta XIX ásir aqırı, XX ásir basında jasap ótken qaraqalpaq shayırı A.Muwsaev

(1880-1936) dóretiwshiligin úyreniwde shayırdıń sózden paydalanıwdağı stillik ózgesheligine, sózdiń tereń mánilik qubılıwlarına, sonday-aq, qosıqtağı kórkem sóz arqalı hár qıylı tariyxıy-mádeniy, siyasiy waqıyalar tuwralı faktlik materiallardıń beriliwine oqıwshınıń dıqqatın qaratıwǵa háreket etilgen. Shayırdıń «Bola basladı» qosıǵın tallawda berilgen soraw-tapsırmalar tikkeley shayır qollanǵan sózdiń astarındağı mánini ashıp beriwge hám oqıwshınıń oqıp túsiniw kónlikpesin jetilistiriwge hám ilimiy oylawın, pikirlewin keńeytiwge xızmet etedi. Pikirimizdiń dálili retinde mısallar keltireyik:

*Bir bolsın dep arjaq penen berjaqtı,*
*Óz milletim deyip qaraqalpaqtı,*
*Danıshpan nuqtadan haslı-ırǵaqlı,*
*«Ulıqlarǵa qaǵaz sala basladı» [4:17]*

Sabaqlıqta oqıwshıdan qosıq qatarındağı usınday sózlerdiń astarındağı tariyxıy-siyasiy waqıyalardı jazıw soraladı. Bunda Allayar Dosnazarovtıń Qaraqalpaqstanǵa Avtonomiyalı Respublika atın alıp beriw ushın islengen rásmiy is-háreketleri názerde tutılǵanın jazıw barısında oqıwshı A.Dosnazarovtıń ómiri tuwralı maǵlıwmatlardı da ózlestiredi. «Gazet basıp til shıǵara basladı», «Kelgen soń Tórtkúlge tilgiram urdı», «Burınnan is kórgen góne zawıttan» [4:17] degen sıyaqlı qatarlardı talqılaw barısında da shayırdıń XX ásir basında Qaraqalpaqstanda bolıp ótken tariyxıy-mádeniy, siyasiy waqıyalardı kórkem sóz benen súwretlep beriw sheberligin túsiniwge erisedi.

Sonıń menen birge sabaqlıqta kórkem shıǵarmanı oqıtıwda publicistikalıq stildi (AQShtıń oqıw sabaqlıqlarındağı tájiriybe B.G.) basshılıqqa alıw tájiriybesi de qollanılǵan. A.Muwsaev tuwralı T.Bekimbetovtıń «Ayapbergen shayır menen jigirma kún» atlı eske túsiriwi «Oqı qızıq» aydarı menen arnawlı QR kodlı silteme arqalı berilgen [4:16]. Bul eske túsiriw oqıwshılarǵa shayırdı insan sıpatında jaqınnan tanıtıwda áhmiyetli usıl bolıp esaplanadı. Shayır qálemine tiyisli «Qaraqalpaqtadı» qosıǵı da berilgen bolıp, usı qosıqtı oqıwshılar belgili qaraqalpaq estrada qosıqshısı M.Ótemuratovtıń atqarıwındanaması menen tıńlaw múmkinshiligine iye. [4:20]. Bunda oqıwshılarǵa «Qosıqtı kórkemlep oqıw hám naması menen tıńlawdağı qanday parıqtı sezdińiz?» degen mazmundağı soraw-tapsırmalar berilip, olardıń ustazı menen dialogqa kirisiwin támiyinleydi hám hárbir oqıwshınıń jeke pikirleri tıńlanadı. Jáne bir ayrıqsha dıqqat awdaratuǵın usıllardıń biri: «Bola basladı» qosıǵın úyreniwde xudojnik B.Aytmuratovtıń «Allayar Dosnazarov» kartinası da usınıs etilgen. Bul processte ádebiyattı oqıtıwda hár túrli pánlerdiń integraciyası da ámelge asadı. Al bul usıl sabaqlıq avtorlarınıń ádebiyattı oqıtıw arqalı oqıwshılardıń kompyuter-

texnologiyalardan hám basqa pánlerden alǵan bilimlerin nátiyjeli paydalanıw kónlikpesin de jetilistiriwdi maqset etkenliginiń kórinisi.

Sabaqlıqta Ayapbergen shayır dóretiwshiligin úyreniw hám qosıqların talqılaw bunıń menen sheklenbeydi. Shayırdıń «Tabılmas» qosıǵı ataqlı túrkmen shayırı Maqtumqulınıń «Dáwran tabılmas» qosıǵı menen salıstırmalı úyreniledi [4:22]. Oqıwshıdan eki shayırdıń qosıqlarındaǵı ulıwmalıqtı hám ózgesheliklerdi talqılaw soraladı. Shıǵarmanı úyreniwde bunday metodikalıq usıl belgili rus ilimpazı G.I.Belenkiydiń rus ádebiyatın oqıtıwda oqıwshı-ádebiyattanıwshı degen kózqaraslarına tiykarlanılǵan [2].

*Demek, qaraqalpaq ádebiyatı sabaqlıqlarında da xalıqaralıq tájiriybelerdi kórkem shıǵarmalardı tallawda hám qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda qollanıw arqalı arqalı tómendegidey nátiyjelerge erisiwimiz múmkin:*

- kórkem shıǵarmanı oqıwǵa, onnan zawıq alıwǵa intalandırıw;
- oqıwshılardıń ádebiyattanıw hám ulıwma ádebiyatqa bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıw;
- kórkem shıǵarma teksti ústinde islew arqalı oqıwshınıń dóretiwshilik qıyalın rawajlandırıw;
- kórkem talqılaw hám shıǵarmanı bahalawdaǵı bilimlerin nátiyjeli qollanıw;
- shıǵarmanıń konteksti hám basqa janrlıń interpretaciyaların salıstırmalı izertlew.

Kórip ótkenimizdey, qaraqalpaq ádebiyatı sabaqlıqların dúziwde hám ádebiyattı oqıtıwdıń jańa zamanagóy metodikalıq jetiskenliklerin qollanıw arqalı biz oqıwshılardı jańasha ilimiy ashılıwlarǵa jol tabıwına baǵdarlaǵan bolar edik.

**Ádebiyatlar:**

1. Angliyskaya literature i sochinenie: opisanie kursa. 2014. URL: https://apcentral.collegeboard.org/pdf/ap-english-literature-and-composition-course-description.pdf?course=ap-english-literature-and-composition.
2. Belenkiy G.I. Russkaya literatura XIX veka. Uchebnik -praktikum. 10-klass. Mnemozina – 2004.
3. Getmanskaya E.V. Multigramotnost i zapadnıe tekstoorientirovannıe texnologii // Filologicheskoe obrazovanie v sovremennıx issledovaniyax: lingvisticheskiy i metodicheskiy aspektı: materialı Mejdunarodnoy nauchno-prakticheskoy konferencii «Slavyanskaya kultura: istoki, tradicii, vzaimodeystvie. XVII Kirillo-Mefodievskie chteniya», 24 maya 2016 goda. M.; Yaroslavl: Remder, 2016. S. 283.
4. Járimbetov Q., Nurabullaev B. h.t.b. Ádebiyat: 8-klasslar ushın. Tashkent, 2025.

5. Neklyudova L.A. Preimushestva Advanced Rlacement dlya postupayushix v vuzı SShA i Kanadı. 2015. URL: https://neklyudova.com/programy-obucheniya-v-srednih-shkolah-za-rubegom/american-high-school/advanced-placement-ap.html.
6. Primernaya osnovnaya obrazovatelnaya programma srednego obshego obrazovaniya. 2016. URL: http://fgosreestr.ru/registry/primernaya-osnovnaya-obrazovatelnaya-programma-srednego- obshhego-obrazovaniya/.